

# Авар адабият

## 68 сагIат

Асарал малъизе – 51 сагIат

Калам цебетIезаби – 10 сагIат

Класстун къватIибехун цIали – 7 сагIат

## Программаялъе баян

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.

Адабияталъул курсалда хасаб бак1 ккола Ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи ккveялъул, дунялалъулго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе.

V-IX классазе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босула байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб хьалбихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.

V-IX классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Школалда малъизе т1аса рищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе мустах1икъал асарал.

X-XI классазда Дагъистаналъул цогидал миллатазул литератураялдаса бищун лъик1ал раг1ул устарзабазул цо-цо асарал гъваридго малъиялъе рес кьола Дагъистаналъул халкъалъул гъунки, рух1ияб цолъи, г1ахьалаб къисмат, бат1и-бат1ияб кьералъул цогояб культура бук1ин бихьизабизе, миллатазда гьоркьоб гьуинлъи-вацлъи бищун т1адег1анаб хазиналъун лъугьин баян гьабизе. Гьел классазда малъула Дагъистаналъул литература.

Программаялда мух1канго ч1езарун руго щибаб классалда лъималазда лъазе ккелел литературияб теориялдаса баянал. Асаразул анализ гьабулелъул, ц1алдохъабаз теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе ккола.

Раг1а-ракьанде щун,  адабияб лъай кьеялъул масъала т1убан бажаруларо, г1ат1идаб къаг1идаялъ класстун къват1исеб ц1али г1уц1ич1ого. Т1убазе ккола гьелъул программаги.  Муг1алимасда т1адаб буго ц1алдохъабазе ц1ализе кьезе цох1о рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъал , критиказ рещцарал ц1иял асаралги.

**7 класс (68 саг1ат)**

50 с.- асарал малъизе

10 – калам цебет1езаби

8 – класстун къват1ибехун ц1али

| № | Темаби | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1 | Инсан ва гьесул къисмат – худож.литератураялъул аслияб тема | 1 |
| 2 | Халкъияб к1алзул гьунар | 5 |
| 3 | Ц1адаса Х1амзат | 4 |
| 4 | Мух1амад Хуршилов | 5 |
| 5 | Мух1амад Сулиманов | 4 |
| 6 | Эффенди Капиев | 2 |
| 7 | Асадула Мух1амаев | 2 |
| 8 | Мух1амад  Шамхалов | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| 9 | Расул Х1амзатов | 5 |
| 10 | Муса Мух1амадов | 4 |
| 11 | Фазу Г1алиева | 4 |
| 12 | Таймасханов Тажудин | 1 |
| 13 | Къияс Мажидов | 3 |
| 14 | Багьавудин Митаров | 1 |
| 15 | Г1алирза Саг1идов | 3 |
| 16 | Мух1амад-Расул Расулов | 2 |
| 17 | Абут1алиб Гъафуров | 2 |

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул ц1арал
- лъазарурал хабариял асаразул багьадуралги гьез г1ахьаллъи гьабулел ишазул т1елги.
- лъазабураб асаралъул г1уц1иялъул хасал рахъал.
- адабиял терминал: махсара, сатира, метафора, адабияталъул тайпаби

## 7 классалда адабиял темабазда тIоритIулел кIалзулал ва хъвавул хIалтIабазул аслиял тайпаби

ЦIалдохъабазул жидерго захIматалъул, гьез жамагIаталъе гьабулеб пайдаяб хIалтIул бицарал сочинениял хъвай.
Художествиял ва рицIцIизе бигьаял гIелмиял текстал чвахун ва рагIун цIали.
Художествиял асарал яги гьезул кескал пасихIго цIали.
Хабарияб асаралъул яги гьелъул цо бутIаялъул план гIуцIи.
ЦIалдохъанас жиндирго кIалъаялъе план гIуцIи.
Багьадураздехун, гьезул ккарал ишаздехун бижараб жиндирго пикруги загьир гьабун, буцунги хъванги, жинцаго цIаларал асаразе, художниказ рахъарал суратазе, рихьарал фильмазе къимат кьей.

## Авар мацIалъулгун бухьен

БицIцIизе бигьаяб гIелмияб мацI.
Жиндирго пикру бицунеб сочинение.
Хабарияб тексталда тIасан ( гIатIидго, къокъго, тIаса бищун хIалтIи унеб куцалъул бицунеб, инсанасул сурат цебечIезабулеб изложение ).
РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна, синонимал, омонимал, антонимал такрар гьари.
Фразеологияб цолъи.
Эпитет хIисабалда гьелъул кIвар.

## Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан

### 7 классазул цIалдохъабазда цере лъолел аслиял тIалабал:

### ЦIалдохъабазда лъазе ккола:

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цIарал, цIаразул магIна;
- лъазарурал хабариял асаразул багьадуралги гьез гIахьаллъи гьабулел ишазул тIелги;
- лъазарурал асаразул гIуцIиялъул рахъал;
- адабиял терминал,махсара, сатира, метафора, адабияталъул тайпаби;
- рекIехъе лъазаризе программаялда рихьизарурал текстал;

*Цlалдохъабазухъа бажаризе ккола:*

- хъвадарухъанас гlуцlарал сипатиял лъугьа-бахъинал пикрудалъ гвангъун церечlезаризе;
- багьадурасул гlамал-хасият рагьизе,хlажатал лъугьа-бахъинал лъазабулеб асаралдаса тlаса рищизе;
- пикругун художествияб рахъ рагьизе, сипатиял рагlабазул бугеб кlвар батизе;
- мугlалимас кьураб логикияб суалалда рекъон асаралъул багьадурасул гlамал-хасият рагьизе;
- Лъазабулеб бугеб асаралъул кlиго багьадурги дандеккун, гьездехун авторасул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.
- минуталда жаниб 110-120 рагlи кколеб хехлъиялда ричlчlизе бигьаял, гlелмиял ва художественниял текстал ритlун, дурун, рагlун цlализе;
-художественниял асарал пасихlго цlализе;
- хабарияб асар изложение хlисабалда бицинеги хъвазеги;
- хабарияб асаралъул яги гьелъул цо бутlаялъул план бахъизе;
- багьадураздехун, гьезул ишаздехун бухьараб ва цогидал искусствоялъул асаразе къимат кьезе ( бицунги хъванги)

*Жидецаго цlализе ккола асарал:*

«Дир гlумру»,«Кlудияв Хlасан»-Цl.Хlамзат
«Чlегlерав чи» - М. Шамхалов
«Чаландар» - А. Мухlамаев
«Магlарухъ рогьел» - Ш-А.Мурадов
« Магlарул къиса», «Магlарулазул ватlан» - Р.Хlамзатов
«Кьогlал конфетал» - Гl. Расулов
« Циги тlинчlгlи» - М. Гlабдухlалимов
«Кlилкlазе биун тlураб гулла» - Т.Таймасханов
«Анцlила микъабилеб их» - Ф. Гlалиева
« Гlандадерил ралъдахъ» - А. Тlагьиров
« Кьурулъ нух щвечlеб бис» - Гl- Хl.Шахтаманов
« Гъудуллъиялъул улка» - М-З. Аминов
« Замана» - М. Атабаев

Реклехъе лъазаризе ккола асарал:
« Ашбазалде гьабураб» - Цl.Хlамзат( цо бутlа )
« Гlандалал» - М. Хуршилов( цо кесек)
« Магlарулал» - Р. Хlамзатов
« Гlаздалал тlагърал» - Гl. Сагlидов

| Дарсил тема | Классалда гьабулеб хIалтIи | Словаралда хъвазе рагIаби | р/хI гьум. |
|---|---|---|---|
| Инсан ва гьесул къисмат – адабияталъул аслияб тема. | Учителас хIадур гьабураб материал цIали | | |
| **<u>Халкъияб кIалзул гьунар.</u>** «Бокьуларо, эбел, рии бачIине.» | Халкъияб кIалзул гьунаралъе баян кьезе. КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Мегъ, къокъа, тIикъва, чол квелъ, ягъзият, сангар | Гьум. 6 цIализе. КечI пасихIго цIализе. |
| ***<u>Класстун къватIисеб цIали.</u>*** | **МухIамад Шамхалов «ЧIегIерав чи».** | | |
| «Унсоколоса ХIожоги гуржиявги». | I-II бутIа цIализе. | Давла, къор, илхъи, ургьимес,чабхъен, годекIан, къокъа, гIулбузул | Бицине. |
| «Унсоколоса ХIожоги гуржиявги». | III-IV бутIа цIализе. | Ярагьунев, хулжал, хатIа, лекIи | Бицине. |
| ***<u>Класстун къватIисеб цIали.</u>*** | ЦIадаса ХIамзат **«Дир гIумру».** | | |
| «Унсоколоса ХIожоги гуржиявги». | V бутIа цIализе. | Хъош-баш, хатIа | Бицине. |
| «Унсоколоса ХIожоги гуржиявги». **А/т.** Художествияб гIуцIиялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. | Суалазул кумекалдалъун гIадатаб анализ гьаби. Аслиял героязул образал рагьи. | | Сочинениялде хIадурлъизе. План гIуцIизе. |
| ***<u>Калам цебетIезаби.</u>*** ***Сочинение*** «Унсоколоса ХIожоги гуржиявги» абураб къисаялъул багьадуразулъ щиб бокьараб ? | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 10 | **XIX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ.** Инхоса ГIалихIажияв «ГIелму ва жагьлу». | ШагIирасул гIумру ва творчество. КечI цIализе. КочIол пикру рагьизе, дандекквеял ратизе. | | КечI пасихIго цIализе. |
| 12 | Дибирги гIанхвараги». | КочIол пикру рагьизе. КочIолъ кицаби ратизе.МацIалда тIад хIалтIизе. | | Суалазде хIадурлъизе. |
| 13 | *Калам цебетIезаби.* | Сочинение **«Дие бокьулеб асар».** | | |
| 14 | «Ашбазалде гьабураб». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Пул, таффаруж, приказчик, ка- шавар, падарал, гьамщалмущул, хIебдалал, карц, бидвиххун | КечIол 8 куплет рекIехъе лъазабизе. |
| 15 | «Ашбазалде гьабураб». **А/т.** Сатираялъул хIакъалъулъ авалияб баян. | КочIол тема ва пикру рагьизе. ЦI. ХIамзатил сатираялъе баян. | | |
| 6 | *Калам цебетIезаби.* | *Доклад хIадур гьаби:* ***ЦIадаса ХIамзат.*** | | |
| 7 | МухIамад Хуршилов «ГIандалал». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул хIакъалъулъ тарихияб баян цIали. | ХъамалчагIи, чабхъен, кверщел, Хива, Бухара, бо | ЦIализе. |
| 8 | «ГIандалал». | I –II бутIа цIализе. | Вазир, ясир, сугърал, чулахъ | Бицине. |
| 9 | «ГIандалал». | III бутIа цIализе. | Ягъзият, намартав, къажарал, дозорал | Бицине. |
| 0 | *Класстун къватIисеб цIали.* | Асадулагь МухIамаев **«Чаландар».** | | |
| 1 | «ГIандалал». | Гьум. 66-70 цIализе. | Аскерал, хIарамзада, жаллатал, хIарамхана, хьонбакI, гIангур | Бицине. |
| 2 | «ГIандалал». | Гьум. 71-78 цIализе. | Такъия, хъалхъан, гвардия, | Бицине. **Цо кесек рекIехъе** |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | бикьакълъараб | **лъазабизе.** |
| 3 | «ГӀандалал». **А/т.** Адабияталъул аслиял тайпаби: эпос, лирика ва драма. | Суалазул кумекалдалъун гӀадатаб анализ гьаби.Аслиял героязул образал рагьи. План гӀуцӀизе. | | Сочинениялде хӀадурлъизе. |
| 4 | *Калам цебетӀезаби.* | Сочинение: **Чупаласул образ.** | | |
| 5 | **МухӀамад Сулиманов** «Васигат». | Авторасул биография. Поэма учителас цӀализе. Лъимал цӀализе тӀами. | Керчаб, ихх, кулал, хъа -чагълъи,гӀакълу лълъаранибана, чалбудай, квелъ | Авторасул биография. ЦӀализе. Саулазде хӀадурлъизе. |
| 6 | «Васигат». | Суалал ва тӀадкъаял тӀуразе. | | |
| 7 | «Васигат». **А/т.** Поэмаялъул хӀакъалъул авалияб баян. | Поэмаялъул мацӀалъул пасихӀлъи, чвахиялъул дуруслъи бихьизаби. Поэмаялъе баян кьезе. | ЧӀчӀалилав, айгъир, щинкӀил, хӀара, пуланаб, манзил, | |
| 8 | *Калам цебетӀезаби.* | Дарс-бахӀс (урок-диспут) **«НекӀсиял гӀадатал – квешабги лъикӀабги».** | | |
| 9 | **Эффенди Капиев** «Жиндирго хӀакъалъулъ Сулейманил хабар». | Авторасул биография. Хабар цӀализе. | Купец, ашбазхана, депо, хъалим, хъаркӀас | Биография. Гьум. 97-100 бицине. |
| | «Жиндирго хӀакъалъулъ Сулейманил хабар». **А/т.** Художествияб асаралъул композиция. | Хабар цӀализе. Суалал ва тӀадкъаял тӀуразе. Художествияб асаралъул композициялъе баян кьезе. | Гьаглъизе, допрос, петер, петерчи, интервентал | Гьум. 101-106 бицине. Гьум. 107 лъазабизе. |
| | *Калам цебетӀезаби.* | Дарс – къец, **бищун лъикӀ ХӀамзатовасул кучӀдул цӀалулезул.** | | |
| | *Асадула МухӀамаев* «МагӀарулай». «Маккикъор». | Авторасул гӀумру ва творчество. «Маккикъор» абураб бутӀа цӀализе. Къисаялъул тема батизе. | Диван, какараб гъабу, гъарцӀи гӀадаб цӀибил, речӀазе, тансур | «Маккикъор» абураб бутӀа бицине. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 33 | «МагӀарулай».<br>«АхӀмад тӀад вуссараб сордо». | Учителас цӀализе. | Совещание, жигӀизе, квачӀ, малгӀун | Бицине. |
| 34 | «АхӀмад тӀад вуссараб сордо». | Учителас цӀализе. АхӀмадил сурат.<br>Суалал ва тӀадкъаял. | | Бицине. |
| 35 | *Калам цебетӀезаби.* **Бицунеб рагӀуде, гьабулеб ишалде балагьун «МагӀарулай» абураб асаралдаса аслиял героязе бицун къимат кьезе.** | ЦӀех-рех гьабизе. | | Героязе бицун къимат кьезе хӀадурлъизе. |
| 36 | **МухӀамад Шамхалов**<br>«Тамашаяв гьобол». | Авторасул биография.<br>Учителас цӀали. | Саглал, мачӀалал, къвалалхалат, исхъали | Биография цӀализе Гьум.134-139 бицине. |
| 37 | «Тамашаяв гьобол». | Учителас цӀали. | Бегавул, хьина(хна), хьачӀунан | Гьум. 139-144 бицине. |
| 38 | «Тамашаяв гьобол». | Учителас цӀали.<br>Суалал ва тӀадкъаял. | Дакъикъа, тагӀзир | Гьум. 145-151 бицине.<br>Суалал ва тӀадкъаязде хӀадурлъизе. |
| 39 | *Калам цебетӀезаби.* | Сочинение **«Гьалбазе гьабулеб адаб-хъатир».** | | |
| 40 | **Расул ХӀамзатов**<br>«Эбелалъ дир кинидахъ кучӀдул ахӀичӀелани». | Хъвадарухъанасул биография.<br>КочӀол мисалияб цӀали бикьизабизе.<br>КечӀ пасихӀго цӀалиялда тӀад хӀалтӀизе. | | Доклад хӀадур гьаби « Р. ХӀамзатовасул творче- ство». ПасихӀго цӀализе. |
| 41 | «МагӀарулал». | КочӀол мисалияб цӀали бикьизабизе.<br>Хоралдалъун цӀали. | ГӀищкъу, гӀурда | **РекӀехъе лъазабизе.** |
| 42 | **Класстун къватӀисеб цӀали** | **Расул ХӀамзатов «МагӀаруласул ВатӀан».** | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 43 | «Дагъистаналъул рохьал». | КочIол мисалияб цIали бикьизабизе. | Гьегьал, гъансито, рохъо, щоб, чан, чIва | ПасихIго цIализе. КучIдузул анализалде хIадурлъизе. |
| 44 | КучIдузул магIнаялъул гъварилъи, мацIалъул сипатлъи формаялъул рекъонккей. **А/т.** | ШигIруяб ва хабарияб каламалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. | | |
| 45 | <u>**Класстун къватIисеб цIали**</u> | **ГIарип Расулов «КьогIал конфетал».** | | |
| 46 | **Муса МухIамадов** «Инсул гьалбал». | Авторасул биография. Учителас цIализе. Тема рагьизе. | ДузбитIараб,тасамахI-лъи, хъазан кьолозе | Гьум. 166-172 бицине. |
| 47 | «Инсул гьалбал». | Учителас цIализе. Лъимал цIализе тIами. | ХIамихъаби, думалъего | Гьум. 173-178 бицине. |
| 48 | «Инсул гьалбал». | ЦIализе. | Даздание, финагент | Гьум. 179-187 бицине. |
| 49 | «Инсул гьалбал». **А/т.** Литературияб гIамал-хасияталъул(образалъул) хIакъалъулъ баян. | Суалазул кумекалдалъун гIадатаб анализ гьаби. Хабаралъулъ эпитетал, метафораби ратизе. | | Суалазде хIадурлъизе. |
| 50 | <u>**Класстун къватIисеб цIали**</u> | **Фазу ГIалиева** «18 абилеб их». | | |
| 51 | **Фазу ГIалиева** «МагIарулазул нус». | ШагIиралъул гIумру ва творчество. Имам Шамилил хIакъалъулъ тарихияб баян. I бутIа цIализе. | Щоб, хвалчен, къасд, тIор, ющизе, согIал гIадатал, хилиплъи | ПасихIго цIализе. |
| 52 | «МагIарулазул нус». | II бутIа цIализе. | Аскар, чарамул къолден, чол чангит,ц1иркъ | Пасих1го цIализе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 53 | «МагIарулазул нус». | III бутIа цIализе. | Чапар, къор, файтон, пахруго, чабхил иццал | ПасихIго цIализе. |
| 54 | «МагIарулазул нус». | IV бутIа цIализе. Тема, пикру рагьизе. Дандекквеял, эпитетал, метафораби рати. | ЧIимих, гьир, чукъби, шавкъ | ПасихIго цIализе. |
| 55 | **А/т.** Поэмаялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. Художествияб литератураялъул сипатияб каламалъул(мацIалъул) хIакъалъулъ баян. | ШагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян. I-II бутIа цIалила. | | |
| 56 | **Таймасханов Тажудин** «ЯхI». | Хъвадарухъанасул гIумру. Хабар цIализе. | Нилъо, бидурихь, хъалиян | Бицине. |
| 57 | **Къияс Межидов** «МугIрузул цIумазе хвел букIунадай». | Хъвадарухъанасул биография. ЦIализе. | Пайдар, тIавагьин | Бицине. |
| 58 | «МугIрузул цIумазе хвел букIунадай». | ЦIализе. | | Бицине. |
| 59 | «МугIрузул цIумазе хвел букIунадай». | Суалал ва тIадкъаял. Нурали- Бубал сипат-сурат. | | Бицине. |
| 60 | *Калам цебетIезаби.* **«МугIрузул цIумазе хвел букIунадай»** | къисаялъул план гIуцIизе. | | |
| 61 | **Багьавудин Митаров** «Бице гьудулзабазда». | Хъвадарухъанасул биография. КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Пехота, взвод, хенкелал | Биография бицизе. КечI пасихIго цIализе. |
| 62 | **ГIалирза СагIидов** «ГIаздалал тIагърал». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Пархен, чинаригъветI, квац1и | КечI рекIехъе лъазабизе. |
| 63 | «РачIа, гьудулзабиI». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Микьир, палугьаби, халичаби, чагъир | КечI пасихIго цIализе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 64 | *Калам цебетIезаби.*<br>**Бихьараб киноялъе къимат кьезе.** | | | |
| 65 | МухIамадрасул Расулов<br>«Эбелалъул рахIму». | Хъвадарухъанасул биография.<br>Хабар цIализе. | КIаркьен, ункъачо, тепсиялъуб, чIчIалтIа | Бицине. |
| 66 | «Эбелалъул рахIму». | Суалал ва тIадкъаял. | | |
| 67 | АбутIалиб Гъапуров<br>«Квешлъиялъе квешлъи». | Хъвадарухъанасул биография.<br>КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Сверизе, гIодойгIанаб, маза | Биография бицине.<br>КечI пасихIго ц1ализе. |
| 68 | Класстун къватIисеб цIали<br>ГIумархIажи Шахтаманов<br>**«Кьурулъ нух щвечIеб бис».** | | | |